

# 3 out

**Tou sa ki ekri nan liv la, se nan Lespri Bondye a yo sòti. Y ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan erè, pou korije moun k ap fè fot, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye.**

2 Timote 3. 16

**Paske, pwofèt yo pa t janm bay mesaj paske yo menm yo te vle. Okontrè, se Sentespri ki te pouse yo lè yo t ap bay mesaj ki sòti nan Bondye.** 2 Pyè 1. 21

## **Bib la : se yon liv diferan de lòt liv yo (2)**

Bib la, se yon liv diferan de tout lòt liv, se yon bibliyotèk ki gen 66 liv ladan : Ansyen kontra genyen 39 liv, e Nouvo kontra gen 27 liv.

Pawòl tout liv sa yo sòti nan Bondye, gen plis pase 40 ekriyen Bondye te itilize pou ekri liv sa yo, pandan plis pase 15 syèk ; pami yo te gen : politisyen, wa, bèje, moun k ap peche pwason, medsen... yo te ekri pandan yo te nan dezè, nan kacho, nan palè, nan prizon, pandan yo te nan egzil... estil liv sa yo varye tou selon moun ki ekri l la : istwa, pwezi, tèks sou sajès, liv syantifik, filozofi, Bib la pale sou tout bagay, sou tout sijè fondal natal : sou kreyasyon Bondye a, sou sa ki mal ak sa ki byen, aktivite chak jou, lavni moun sou latè, sali lòm.

Pètèt ou ka di : “nan ki sa liv ansyen sa konsène m ?” Sijè li trete yo toujou tou nèf ! Tankou jodi a, moun nan tan Bib la t ap ekri a t ap chache bonè, bagay ki ta kapab fè yo santi yo byen nan kò yo ak nan lespri yo. Kè poze, esperans. Fas ak tout bagay sa yo, Bib la revele nou plan Bondye pou nou. Plan li gen pou nou jodi a e nan lavni. Pwojè yon Bondye ki : “se renmen ak limyè”.

Pou moun k ap li avèk atansyon san prejije, ki resevwa mesaj sa a, Bib la pote : kè poze, espwa, konsolasyon, rekonfò. L ap devni pou moun sa a yon ekselan gid nan lavi.

“Se liv ki seche plis dlo nan je, ki louvri plis lespri sou latè, ki adousi plis konsyans ki twouble, e ki rejenere plis moun”

*(Charles Secretan, Philosophe)*

# 3 août

**Toute Écriture est inspirée de Dieu, et utile pour enseigner, pour convaincre, pour corriger, pour instruire dans la justice.** 2 Timothée 3. 16

**La prophétie n'est jamais venue par la volonté de l'homme, mais de saints hommes de Dieu ont parlé, étant poussés par l'Esprit Saint.** 2 Pierre 1. 21

## **La Bible : un livre unique (2)**

La Bible, livre unique, est une sorte de bibliothèque de 66 livres : 39 composent l'Ancien Testament, 27 le Nouveau Testament (dont les quatre évangiles).

Inspirés par Dieu, plus de 40 auteurs ont rédigé ces livres sur une période de plus de 15 siècles : hommes politiques, rois, berger, pêcheur, médecin... Ils ont écrit d'un désert, d'un cachot, d'un palais, d'une prison, en exil... Le style de ces livres est tout aussi varié : récits, poésie, textes de sagesse, prophéties... Ni ouvrage scientifique, ni manuel d'histoire, ni traité de philosophie, la Bible traite pourtant de sujets fondamentaux : la création de l'univers et de l'homme, la question du bien et du mal, la vie quotidienne, l'avenir de l'homme, son salut.

Peut-être direz-vous : "En quoi ce livre ancien peut-il me concerner ?" Par son contenu, toujours d'actualité ! Comme nous aujourd'hui, les hommes et les femmes des temps bibliques recherchaient le bonheur, la paix, des certitudes. Face à ces besoins, la Bible révèle le plan de Dieu pour sa créature. Plan pour le présent, et pour l'avenir. Plan d'un Dieu qui est amour et lumière.

Au lecteur attentif et sans a priori qui en reçoit le message, la Bible apporte paix, pardon, espoir, consolation, réconfort. Elle devient le guide sûr de sa vie.

"C'est le livre qui a séché le plus de larmes, éclairé le plus de consciences, apaisé le plus de remords, régénéré le plus de caractères" (*Charles Secrétan, philosophe*).